

## KI KONSEKANS FIMEN GENYEN SOU GWOSÈS OU?

Si-w fimen pandan ou ansent, wa genyen plis chans pou-w genyen konplikasyon sa yo:

- Tibebe a fèt tou mouri (li mouri depi nan matris ou)
- Lanmò apre nesans (tibebe a mouri touswit apre li fèt)
- Akouchman anvan tèm (tibebe a fèt twò bonè)
- Tibebe a fèt twò piti (li pa peze ase)
- Bèk lyèv (gwo fant nan mitan po bouch la oswa nan palèt li)
- Foskouch (tibebe a mouri anvan 20 semenn nan vant)

## KISA KI RIVE LÈ OU KITE FIMEN?

- Ou vin gen plis chans pou-w akouche yon tibebe ki an sante
- Ou vin gen mwens chans pou-w fè foskouch
- Tibebe-w la pral gen mwens chans pou li mouri nan Lanmò Sibit Tibebe (SIDS)

Lè-w fimen sa gen konsekans sou sante tibebe-w la.

Mande pwofesyonèl sante-w la kisa fimen kapab fè sante-w ak sante pitit ou.



### **Kote ou ka Jwenn Asistans pou-w Kite Fimen:**

New York State Smokers' Quitline

(Sèvis nan Telefòn pou Kite Fimen nan Nouyòk)

☎ 1-866-NY QUILTS

☎ 1-866 697-8487

### **Resous ki nan Zòn lan**

Queens Hospital Center

☎ 718-883-4209

*Elmhurst Hospital Center*

☎ 718-334-2550

